



REYINYON PÒT LOUVRI SOU AMELYORASYON SANT POU TRANSPÒ NAN SOUTH STATION

**Madi 14 janvye 2020
4:30 pm pou rive 6:30 pm**

**BSA Space,
Fort Point Room (2zyèm Etaj)**

**290 Congress Street,
Boston, MA 02110**

Kòm patnè **Boston Planning and Development Agency (BPDA)** ak **BTA**, **Hines** envite ou nan yon **Reyinyon Pòt Louvri** anvan **Kòmansman Travay** sou

Amelyorasyon Sant pou Transpò nan South Station lan. Travay Konstriksyon sou Pwojè South Station Air Rights la ap kòmanse depi bonè nan lane 2020 an. Reyinyon Pòt Louvri a se yon opòtinite pou prezante detay sou pwojè a, sou enpak li pral fè, ak sou avantaj li ap pote pou moun k ap sèvi avèk South Station yo, epi

detay sou travay konstriksyon an. Vini nenpòt kilè ant 4:30 ak 6:30 pm, pou jwenn enfòmasyon sou pwojè a oswa pou pale avèk manm nan ekip pwojè a.

Pwojè South Station Air Rights la pral genyen ladan travay pou fini Sant pou Transpò nan South Station an, moun ap tann depi lontan. Estasyon otobis la pral vin pi gran, sa ki paral fè li genyen 50% kapasite anplis, epi li pral pèmèt fè konnèksyon pi fasil avèk tren ak metwo. Kòm rezilta, ray ak platfòm yo pral kouvri nèt kont lapli, epi zòn ki dekouvri a pral tounen yon pòtay pou antre nan vil la, ki gen yon bèl achitekti.

Ale nan adrès entènèt pwojè a, pou siyen pou resevwa dènye enfòmasyon yo nan imel ou, ak pou aprann plis:

southstationairrights.com

Kesyon oswa kòmantè?

Voye yo nan imel bay ekip pwojè a, nan adrès team@southstationairrights.com

Aranjman espesyal

Lokal reyinyon an aksesib pou moun ki andikape ak moun ki pa fin pale angle byen. Pral genyen aranjman pou aksè ak pou sèvis tradiksyon pou moun ki mande, lè sa posib. Nan sèvis sa yo, ap genyen dokiman nan fòm altènatif, dokiman ki tradui, aparèy pou ede moun tandè, ak entèprèt (sa ki vle di tou, moun ki kapab pale nan Lang Siy Ameriken). Pou mande aranjman rezonnab ak/oswa sèvis tradiksyon, ou mèt voye yon mesaj imel nan adrès team@southstationairrights.com anvan 16 janvye pase.

Si w vle resevwa enfòmasyon nan yon lòt lang, tanpri kontakte team@southstationairrights.com.

Hines

**boston planning &
development agency**

T **Massachusetts Bay
Transportation Authority**